

Kèlkeswa sitiyaasyon imigrasyon yo, tout moun nan Etazini gen dwa ki garanti anba Konstitisyon an. Gid sa a gen pou objektif enfòmasyon moun ki pa sitwayen ameriken sou dwa legal yo nan divès sitiyaasyon avèk lapolis ak ofisye imigrasyon yo.

Gen [lwa ki ka varye nan](#) kèk Eta. Gen règ separe ki aplike nan [pòs kontwòl yo](#) ak lè w ap antre Etazini nan pò antre yo, tankou nan fwontyè ak ayewopò yo.

Enfòmasyon sa a se pou rezon edikatif epi li pa ta dwe itilize kòm yon ranplasman pou asistans legal. Si ou menm oswa yon moun ou konnen bezwen asistans legal, tanpri kontakte yon avoka.

SI YON OFISYE LAPOLIS OSWA IMIGRASYON VIN LAKAY OU

- Si lapolis oswa ofisye imigrasyon yo vin lakay ou, ou pa oblije louveri pòt la sof si yo prezante yon manda fouy ki siyen pa yon jij.
- Pa ouvri pòt la. Pale avèk yo anndan, nan pòt fèm an oubyen nan yon fenèt. Di, "Ou pa gen konsantman mwen pou antre."
- Mande lapolis la oswa ofisye imigrasyon an pou montre w yon badj oswa yon idantifikasyon nan fenèt la oswa nan ti twou a.
- Si ofisye yo di yo gen yon manda, mande yo pou yo glise l anba pòt la oubyen pou yo pase l nan tou fenèt la.
- Asire w ke adrès ki kòrèk la sou manda a.
- Se sèlman jij eta a oswa federal la ki ka siyen yon manda pou fè fouy. Jij imigrasyon yo pa kapab.
- Si ou pa sèten, mande ofisye a ki kalite jij ki te siyen manda a. Oswa mande pou yo ba ou tan pou rele yon avoka.
- Si ofisye yo pa gen yon manda fouy, ou pa oblije kite yo antre. Di, "Mwen pa dakò pou ou antre." Ou kapab refize pale avèk yo tou.
- Pa konfonn yon manda arestasyon ak yon manda fouy.
 - Yon manda rechèch pèmèt lapolis antre lakay ou epi fouye li.
 - Yon manda arestasyon pèmèt lapolis vin lakay ou pou arete w. Men, li pa pèmèt lapolis fouye kay ou.
 - Yon lòd pou retire moun lan nan peyi a oswa pou depòte l (yon manda imigrasyon) pa bay yon ofisye dwa pou antre lakay ou.



SI YON OFISYE LAPOLIS OSWA IMIGRASYON VIN LAKAY OU



- Si ofisye yo gen yon manda valab epi y ap fouye kay ou:
 - Si w ap viv ak lòt moun ki pa sitwayen ameriken, li pi bon pou w kouri kite espas la epi fèmen pòt ou. Sa ka ede pwoteje lòt moun nan kay la pou ICE pa poze yo kesyon oswa kenbe yo.
 - Pandan fouy la, ou gen dwa rete an silans. Di, "Mwen pa vle reponn kesyon ou yo."
 - Ou gen dwa pou gen yon avoka prezan, epi lapolis oblije ba ou youn si yo sispèk ou komèt yon krim. Di, "Mwen bezwen yon avoka."
 - Pa anpeche ofisye yo antre kote ke yo mansyone nan manda a.
 - Pa bay manti oswa pa prezante okenn fo dokiman.
 - Pa siyen anyen san ou pa pale ak yon avoka anvan.
- Si ofisye yo fòse antre, pa reziste. Di, "Mwen pa bay konsantman m pou ou antre oswa pou yo fouye lokal sa a." M ap egzèse dwa mwen pou m rete an silans. Mwen vle pale ak yon avoka."
- Sonje detay rankont lan, epi filme l si ou kapab.
- Mande pou yo ba w entèprèt si angle a pa lang ou pi alèz avè l la.

